SEYANS 5

Pi Bon Fason Pou W Ekri Yon Editoryal

W.K. KELLOGG FOUNDATION

Kisa editoryal vle di?

Yon **editoryal** se yon atik yon moun ki pa anplwaye òganizasyon k ap bay nouvèl la ekri, **kote otè ap degaje opinyon l genyen ki solid, ki baze sou bonjan enfòmasyon e ki konsantre** sou yon kesyon k ap fè aktyalite nan moman an e ki enpòtan. Yon editoryal se yon atik orijinal konsènan yon sijè k ap fè aktyalite ki poko pibliye okenn lòt kote.

Fason pou w rekonèt yon editoryal

- An jeneral, li gen ant 500 ak 700 mo.
- Li gen yon mesaj ak opinyon ki klè.
- Ladan l w ap jwenn opinyon solid yon redaktè moun fè konfyans.

Sonje: Yon editoryal se pa yon tèks ki rakonte yon istwa pèsonèl, yon istwa ki ekri, oswa yon atik refleksyon. Editoryal yo dwe prèske toujou klè epi “poze yon pwoblèm” piblik la ap fè rankontre ki ijan.

Kilè pou w sèvi ak editoryal pou w degaje ide (e poukisa)

- Tank tan ap pase, platfòm medya yo ap vin mwens entèrese ak editoryal militan ak espesyalis yo fè pou yo poze yon pwoblèm. Yo vle tande istwa yon moun pwoblèm nan gen enpak dirèk sou li. Atik opinyon sa yo pi fasil pou pibliye e yo gen plis enpak.
- Editoryal yo bay plis posibilite pou mete detay pèsonèl pase sa moun poste sou rezo sosyal yo, men kontrèman ak videyo yo, li pa bay espas pou ekri yon istwa pwofon e ki gen anpil detay konplike (paske kantite mo yo ka gen landan yo limite).
- Editoryal yo ka pran plis tan moun plis pase lòt mwayen ki gen pou pataje iswa yo (tankou lè yon moun poste yon bagay sou rezo sosyal) e nou pa toujou bay garanti n ap mete l, donk, byen reflechi lè w ap chwazi yon istwa.

Prensip pou w ekri yon editoryal

- Konsantre sou yon pwoblèm ki gen enpak sou yon piblik presi epi demontre konpetans otè a parapò ak pwoblèm nan.
- Poze yon pwoblèm presi.
- Se pou w gen yon pozisyon ak opinyon ki klè.
- Bay prèv pou w kore opinyon an.
- Pwopoze yon solizyon k ap bay bon rezilta.



Sa pou w pataje nan yon editoryal

- **Mesaj esansyèl w ap fè pase a** (enpòtans, pwoblèm ak aksyon).
  - Envitasyon pou poze aksyon an se yon metòd w ap eseye chanje oswa mete sou pye. Egzanp: lejislasyon eta a dwe mete sibvansyon pou gadri timoun nan bidjè a
- **Istwa ki dekri mesaj ou a**
  - Gade Detay yon Istwa (pèsonaj prensipal, pwoblèm, chanjman).
- **Otè:**
  - Moun ki te viv pwoblèm nan (oswa moun k ap ekri nan non yon moun) ka sèvi ak pwonon pèsonèl pou l ekri editoryal la. (Sonje w ka sèvi ak istwa pa w tou).
  - Oubyen ou ka fè moun sa a ba w otorizasyon epi sèvi ak twazyèm pèsòn oswa ak konpreyansyon w, pou w dekri sa yo te viv la.
- **Enfòmasyon:**
  - Rakonte yon istwa ki defann yon pozisyon e ki gen detay ak rechèch ki kore l.
  - Kèk enfòmasyon ka montre istwa sa a reprezante yon pwoblèm sosyete a ap rankontre.

Konsèy pou w ekri yon editoryal ki solid

- Mete yon **bagay entèresan ki te rive** oswa **enfòmasyon enpòtan** nan istwa a pou lektè a.
- Se pou w dirèk nan fraz rezònman an ak premye paragraf la.
  - **Se pou w klè e pa dwe pè lè w ap bay opinyon w.**
  - Reflechi sou kesyon ki annapre a: Si w te ka enprime sèl grenn fraz sa a, sa w t ap fè pou w konvenk lektè w yo?
- Se pou rezònman an diferan de sa k gentan ap sikile konsènan sijè sa a.
- Se pou w klè epi **pa sèvi ak jagon**.

Lòt kote w ka jwenn enfòmasyon

- Egzanp atik opinyon.
- Harvard: Enstriksyon sou fason pou ekri yon editoryal oswa yon ribrik.
- Bret Stephens ki soti nan New York Times: 15 Konsèy pou aspiran redaktè D opinyon.
- The Op-Ed Project.

